



AVI AK PRÈV REKLAMASYON POU AVANTAJ POU ANDIKAP

Li enstriksyon ki nan paj 2 a ak anpil atansyon pou evite yon reta nan tretman dosye a. Ou dwe reponn tout kesyon ki nan Pati A ak kesyon 1 jiska 3 nan Pati B. Pwofesyonèl swen sante yo dwe ranpli Pati B a nan paj 2.

PATI A - ENFÒMASYON SOU MOUN K AP FÈ REKLAMASYON AN (Tanpri Ekri an Lèt Detache oswa Tape)

- 1. Siyati: Prenon: Dezyèm Prenon:
2. Adrès Postal (Nimewo Ri ak Nimewo Apatman an): Vil: Eta: Kòd Postal:
3. Nimewo Telefòn pou Lajounen: Adrès imèl:
4. Nimewo Sekirite Sosyal: 5. Dat Nesans: 6. Sèks: G F X
7. Dekri andikap ou a (si se yon blesi, di nou kòman sa te rive, kilè sa te rive ak ki kote li te rive):

- 8. Dat ou vin gen andikap la: Èske ou t ap travay jou sa?: Wi Non
Èske ou refè ak andikap sa a?: Wi Non Si repons la se Wi, mete dat ou te kapab retounen travay:
Depi lè sa a èske ou te travay pou yon salè oswa avantaj?: Wi Non Si repons la se Wi, mete dat yo:
9. Non dènye kote ou tet travay anvan ou gen andikap la. Si w te travay plizyè kote nan uit (8) semèn anvan yo, mete non tout kote ou te travay yo. Salè Mwayen pa Semèn lan baze sou tout salè ou te touche nan dènye uit (8) semèn ou te travay yo.

Table with 6 columns: DÈNYE KOTE OU TE TRAVAY ANVAN ANDIKAP LA, PERYÒD TRAVAY LA, Salè Mwayen pa Semèn. It contains two identical sections for listing previous employers.

- 10. Travay mwen se oswa se te:
11. Èske ou se yon Manm Sendika?: Wi Non Si repons la se "Wi":
12. Èske ou t ap reklame oswa resevwa asirans chomaj anvan andikap sa a? Wi Non
Si ou pa t deklare oswa si ou te deklare l men ou pa t resevwa avantaj asirans chomaj apre DÈNYE JOU OU TE TRAVAY LA, ekspike rezon an nèt:
Si ou te resevwa avantaj chomaj, bay tou peryòd ou te kolekte yo:

- 13. Deklarasyon sa a bay pwoteksyon pou peryòd andikap ki se:
A. Èske ou ap resevwa peman, salè oswa yon peman poutèt ou ap kite travay la? Wi Non
B. Èske ou ap resevwa oswa ou ap reklame:
1. Èske ou gen Avantaj pou Chomaj?: Wi Non
2. Èske ou gen Konje Peye pou Fanmi?: Wi Non
3. Èske ou gen Dedomajman Travayè pou andikap ki gen rapò ak travay?: Wi Non
4. Èske ou te fè yon aksidan machin kote Ou Pa Gen Responsablite? Wi Non oswa èske te gen blesi kòporèl ki enplike yon twazyèm pati? Wi Non
5. Èske ou gen avantaj pou andikap sou yon peryòd ki long dapre Lwa Federal sou Sekirite Sosyal pou andikap sa a? Wi Non

SI OU TE TCHEKE "WI" POU NENPÒT NAN KESYON KI NAN 13 YO, RANPLI PATI SA A:

Mwen: te resevwa reklamasyon nan men: pou peryòd: jiska:

- 14. Nan ane (ki gen 52 semèn) anvan ou te vin gen andikap ou a, èske ou te resevwa avantaj pou andikap pou yon lòt peryòd andikap? Wi Non
Si repons la se wi, Moun ki te peye l se: Ou te resevwa l apati: jiska:
15. Nan ane (ki gen 52 semèn) anvan ou te vin gen andikap ou a, èske ou te resevwa Konje Peye pou Fanmi? Wi Non
Si repons la se wi, Moun ki te peye l se: Ou te resevwa l apati: jiska:
16. Si ou te vin gen andikap la pandan ou t ap travay oswa nan limit kat (4) semèn apre dènye jou ou te travay la, èske kote ou t ap travay la te di ou dwa ou genyen selon Lwa sou Andikap nan limit 5 jou apre avi ou an oswa lè ou fè demann fòm pou andikap lan? Wi Non

Mwen ap reklame Avantaj pou Andikap epi mwen sètifye mwen te gen yon andikap pandan peryòd reklamasyon sa a bay pwoteksyon. Mwen te li enstriksyon ki nan paj 2 nan fòm sa a ak deklarasyon ki anwo a, li gen ladan l nenpòt lòt deklarasyon ki vini avèk yo, epi dapre tout sa m konnen yo se verite epi yo konplè.

**PATI B - DEKLARASYON PWOFEYONÈL SWEN SANTE A** (Tanpri Ekri an Lèt Detache oswa Tape)

**DEKLARASYON PWOFEYONÈL SWEN SANTE A DWE RANPLI NÈT. PWOFEYONÈL SWEN SANTE K AP BAY MOUN NAN SWEN AN DWE RANPLI L EPI VOYE LI TOUNEN BAY MOUN KI FÈ REKLAMASYON AN NAN LIMIT SÈT (7) JOU APRE LI RESEVWA FÒM SA A.** Pou kesyon 7-d a, ou dwe bay yon dat ki apeprè. Si andikap la rive akòz yon gwosès oswa li gen rapò ak li, mete dat yo prevwa apeprè pou akouchman an nan kesyon 7-e a. **LÈ OU METE YON REpons KI PA KONPLÈ LI KA RETADE PEMAN POU AVANTAJ YO.**

1. Siyati: \_\_\_\_\_ Prenon: \_\_\_\_\_ Dezyèm Prenon: \_\_\_\_\_

2. Sèks:  G  F  X 3. Dat Nesans: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

4. Dyagnostik oswa Analiz: \_\_\_\_\_ Kòd Dyagnostik la: \_\_\_\_\_

a. Sentòm moun k ap fè reklamasyon an: \_\_\_\_\_

b. Rezilta Objektif yo: \_\_\_\_\_

5. Èske moun ki ap fè reklamasyon an te entène lopital?:  Wi  Non Li te entène lopital apati: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ Jiska: \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_6. Èske yo endike ki operasyon?:  Wi  Non a. Kalite \_\_\_\_\_ b. Dat \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

7. METE DAT POU PWEN SA YO	MWA	JOU	ANE
a. Dat ou te fè premye tretman pou andikap sa a			
b. Dat ki pi resan ou te fè tretman pou andikap sa a			
c. Dat Moun k ap fè reklamasyon an pa t kapab travay akòz andikap sa a			
d. Dat moun k ap fè reklamasyon an ap ka travay (Menm si gen anpil kesyon ou kapab konsidere, mete dat ki apeprè a. Evite itilize tè m tankou ou pa konnen oswa li pa detèmine.)			
e. Si li gen rapò ak yon gwosès, tanpri tcheke bwat la epi mete dat la <input type="checkbox"/> dat apeprè ki prevwa pou akouchman an OSWA <input type="checkbox"/> vrè dat akouchman an			

8. Dapre ou menm, èske andikap sa a rive akòz blesi moun lan te pran nan travay li oswa li rive akòz travay moun lan ap fè?:

 Wi  Non Si repons lan se "Wi", èske ou te depoze fòm C-4 la nan Konsèy la?  Wi  Non**Mwen sètifye mwen menm:**

(Doktè, Chiropraktè, Dantis, Podyat, Sikològ, Enfimyè-Fanmsaj)

Gen Lisans oswa Sètifye nan Eta

Nimewo Lisans lan

Non Pwofesyonèl Swen Sante an ak Lèt Detache

Siyati Pwofesyonèl Swen Sante a

Dat

Adrès Pwofesyonèl Swen Sante a

Nimewo Telefòn

**AVI ENPÒTAN POU MOUN K AP FÈ REKLAMASYON AN - LI ENSTRIKSYON SA YO AVÈK ANPIL ATANSYON****TANPRI SONJE: Pa mete dat epi pa ranpli fòm sa a anvan ou gen premye dat pou andikap ou an. Pou nou kapab trete reklamasyon ou a, ou dwe ranpli Pati A ak B.**

1. Si w ap itilize fòm sa a paske ou vin gen yon andikap pandan w ap travay oswa ou vin gen andikap la nan limit kat (4) semèn apre ou te sispann travay la, ou dwe voye reklamasyon ranpli a pa lapòs nan delè trant (30) jou apre premye dat andikap ou an bay travay ou an oswa konpayi asirans dènye kote ou te travay lan. Ou ka jwenn konpayi asirans travay ou a sou sit entènèt Konsèy Pou Dedomajman Travayè, [www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov), itilize Rechèch Pwoteksyon Patwon pou fè sa.

2. Si w ap itilize fòm sa a paske ou vin gen yon andikap apre ou te san travay pandan plis pase kat (4) semèn, ou DWE voye reklamasyon ranpli sa a pa lapòs bay: **Workers' Compensation Board, Disability Benefits Bureau, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029.** Si w reponn "Wi" nan kesyon 13.B.3 la, tanpri ranpli epi tache Fòm DB-450.1.

Si ou pa resevwa yon repons nan 45 jou oswa si ou gen kesyon sou reklamasyon avantaj pou andikap ou a, tanpri rele konpayi asirans travay ou a. Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou avantaj pou andikap, tanpri ale sou [www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov) oswa rele Biwo Komisyon Pou Avantaj pou Moun ki Gen Andikap nan (877) 632-4996.

**Avi Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive nan New York (Atik 6-A Lwa sou Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal sou Pwoteksyon Vi Prive 1974 (5 U.S.C. § 552a).**

Otorite ki nan Konsèy Pou Dedomajman Travayè (Konsèy) gen otorite pou li mande moun k ap fè reklamasyon an pou li bay enfòmasyon pèsònèl, li gen ladan l nimewo sekirite sosyal, li sòti nan otorite Konsèy la genyen pou li fè ankèt dapre Lwa sou Dedomajman Travayè (WCL) § 20, ak otorite administratif li dapre WCL § 142. Nou rasanble enfòmasyon sa yo pou ede Konsèy lan fè ankèt ak administre reklamasyon yo, nan fason ki pi rapid posib, epi li ede konsève dosye egzat sou reklamasyon. Se ou menm ki ap decide si ou vle bay Konsèy la nimewo sekirite sosyal ou. Nou p ap sanksyone w si ou chwazi pa mete nimewo sekirite sosyal ou sou fòm sa a; epi li p ap lakòz ou jwenn yon refi pou reklamasyon an oswa yon rediksyon nan avantaj yo. Konsèy lan ap pwoteje konfidansyalite ki nan tout enfòmasyon pèsònèl li genyen yo, epi li ap pataje enfòmasyon sa yo sèlman nan objektif travay ofisyèl li, epi li ap fè sa selon lwa ki aplikab nan eta a ak lwa federal la

**AVI HIPAA** - Pou detèmine reklamasyon konpansasyon yo travayè oswa reklamasyon avantaj pou andikap, WCL 13-a(4)(a) ak 12 NYCRR 325-1.3 egzije pou pwofesyonèl swen sante yo depoze rapò tretman medikal la regilyèman bay Konsèy lan ak konpayi asirans lan oswa kote moun lan ap travay lan. Dapre 45 CFR 164.512 rapò medikal ki legalman obligatwa sa yo gen egzanpsyon nan restriksyon HIPAA pou sa ki konsène divulgasyon enfòmasyon sou sante.

**Divilgasyon Enfòmasyon:** Konsèy la pa pral divilge okenn enfòmasyon ki nan dosye ou an bay okenn moun ki pa otorize san ou pa bay konsantman w. Si ou chwazi pou gen kèk enfòmasyon ki divilge bay yon moun ki pa otorize, ou dwe ranpli pou Konsèy la yon fòm OC-110A orijinal ki rele "Moun Ki ap Fè Reklamasyon an Bay Otorizasyon l pou Divilge Enfòmasyon ki nan Dosye pou Dedomajman Travayè." Fòm sa a disponib sou sit entènèt WCB ([www.wcb.ny.gov](http://www.wcb.ny.gov)) epi ou kapab jwenn li lè w klike sou lyen "Forms" (Fòm yo). Si ou pa gen aksè ak entènèt tanpri rele nan (877) 632-4996 oswa ale nan Sant Sèvis pou Kliyan ki pi pre w la pou kapab jwenn yon kopi fòm lan. Nan plas Fòm OC-110A, ou ka soumèt yon lèt otorizasyon orijinal, notarye epi ki siyen tou.

Yon konpayi oswa konpayi asirans, oswa nenpòt anplwaye, ajan, oswa moun ki pran desizyon nan non yon konpayi oswa nan non yon konpayi asirans, POU LI FÈ EKSPRE POU LI PATAJE FO DEKLARASYON OSWA FO REPREZANTASYON, konsènan yon pwen enpòtan nan kad deklarasyon, ankèt oswa ajisteman yon reklamasyon pou nenpòt avantaj oswa peman nan kad chapit sa a, pou li kapab evite bay peman oswa avantaj lan, KOUPAB POU YON KRIM EPI LI KAPAB PEYE GWO AMANN EPI ALE NAN PRIZON.